



**AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE- KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON SOU ABI  
ALKÒL AK DWÒG AK ENFÒMASYON KI ANRAPÒ AK VIH**

Dat Antre anvigè: 23 septanm 2013

Konfidansyalite dosye abi alkòl ak dwòg ak nenpòt enfòmasyon konfidansyèl anrapò ak VIH pwogram sa a konsève pwoteje pa lwa ak règleman Federal ak lwa ak règleman Eta yo. Pwoteksyon sa yo depase pwoteksyon ki dekri nan Avi jeneral SUNY Downstate Medical Center sou Pratik Konfidansyalite.

Nou rekòmande ou pran tan egzamine Avi jeneral SUNY Downstate Medical Center a sou Pratik Konfidansyalite pou jwenn enfòmasyon sou fason SUNY Downstate Medical Center ak pwogram sa a ka anjeneral itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou. Avi jeneral sou Pratik Konfidansyalite nou yo bay enfòmasyon sou fason ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon medikal ou, epi dosye tretman pou abi alkòl ak dwòg ladan tou. Si gen nenpòt kontradiksyon ant Avi jeneral sou Pratik Konfidansyalite a ak avi sa a, pwoteksyon ki dekri nan avi sa a ap aplike alaplus pwoteksyon ki dekri nan Avi jeneral sou Pratik Konfidansyalite a.

**KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON SOU ABI ALKÒL AK DWÒG**

Pèsonèl ki nan pwogram nan ka itilize enfòmasyon ou anrapò avèk devwa yo genyen pou ba w dyagnostik, tretman oubyen referans pou tretman abi alkòl oswa dwòg. Anjeneral, pwogram sa a pa gendwa devwale ba yon moun deyò pwogram lan ou patisipe nan pwogram lan ni li pa ka divilge okenn enfòmasyon ki ta idantifye ou kòm yon moun ki fè abi alkòl oswa dwòg, *sof si*:

- Pwogram nan jwenn konsantman w alekri;
- Yon lòd tribinal pèmèt divilgasyon an epi li otorize dapre lwa ak règleman Federal ak lwa ak règleman Eta a sou konfidansyalite;
- Yo fè divilgasyon an ba pèsonèl medikal nan kadrijans medikal;
- Yo fè divilgasyon an ba chèchè kalifye san otorizasyon w alekri lè rechèch la reprezante yon risk minim pou vi prive w. Lè lalwa egzije sa, nou pral jwenn yon akò nan men chèchè a pou pwoteje sekre ak konfidansyalite enfòmasyon ou;
- Yo fè divilgasyon an ba yon òganizasyon sèvis kalifye ki reyalize sèten sèvis tretman (pa egzanp analiz laboratwa) oswa fonksyonman biznis (pa egzanp koleksyon bòdwo) pou pwogram nan. Pwogram nan ap jwenn akò òganizasyon sèvis kalifye a alekri pou pwoteje sekre ak konfidansyalite enfòmasyon ou yo annakò ak lwa federal ak lwa Eta a;
- Yo fè divilgasyon an ba yon ajans leta oswa lòt pèsonèl kalifye ki pa nan leta pou yo fè yon odit oubyen evalyasyon pwogram nan. Pwogram nan ap jwenn akò alekri nan men pèsonèl ki pa nan leta a pou pwoteje sekre ak konfidansyalite enfòmasyon ou yo annakò ak lwa federal ak lwa Eta a;
- Yo fè divilgasyon an pou rapòte yon krim yon pasyan komèt swa nan pwogram nan oubyen kont nenpòt moun ki travay pou pwogram lan, oswa yo fè li konsènan yon menas pou komèt yon krim konsa; oswa
- Yo fè divilgasyon an pou rapòte abi oswa neglijan sou timoun ba otorite Eta a oswa otorite lokal ki la pou sa.

Vyolasyon regleman sou vi prive sa yo se yon krim. Yo ka rapòte vyolasyon yo sispèk ba otorite ki la pou sa annakò ak lwa federal ak lwa Eta a.

## KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON KI ANRAPÒ AK VIH

Dapre lwa nan Eta New York, yo ka bay enfòmasyon konfidansyèl ki anrapò ak VIH sèlman ba moun ki otorize genyen yo dapre lalwa oswa, moun ki otorize genyen yo grasa yon fòm otorizasyon alekri ou siyen. Ou ka mande yon lis moun yo ka bay enfòmasyon konfidansyèl anrapò ak VIH san fòm otorizasyon an.

Enfòmasyon konfidansyèl anrapò ak VIH se tout enfòmasyon ki endike ou te fè yon tès ki gen rapò ak VIH, tout enfòmasyon ki endike ou gen maladi ki asosye ak VIH oswa SIDA, enfeksyon ki gen rapò ak VIH oubyen nenpòt enfòmasyon ki ta lojikman idantifye w kòm yon moun ki te fè yon tès oswa ki gen enfeksyon VIH.

### FASON POU JWENN YON KOPI AVI SA A

Ou gen yon dwa pou jwenn yon kopi avi sa a sou papye. Ou ka mande yon kopi avi sa a sou papye nenpòt ki lè, menmsi ou te dakò anvansa pou resevwa avi sa a elektwonikman. Yon kopi avi nou genyen nan moman an ap toujou afiche nan zòn anrejistremant nou yo. W ap kapab jwenn pwòp kopi pa w tou si w ale sou sit entènèt nou an nan "[www.downstate.edu](http://www.downstate.edu)", oubyen si w rele Depatman Admisyon an nan 718-270-2862 osinon si w mande yonn nan moman pwochè vizit ou an. Nou ka chanje pratik sou konfidansyalite nou yo detanzantan. Si nou fè sa, n ap revize dokiman sa dekwa pou w gen yon rezime ekzak sou prensip nou yo epi n ap ba ou yon kopi si ou mande sa. Avi revize a ap aplike pou tout enfòmasyon pwogram lan konsève epi dapre lalwa nou oblije respekte kondisyon avi a. Dat avi a antre anvigè ap toujou sou premye paj la nan kwen anlè adwat.

### FASON POU POTE YON PLENT

Si ou kwè yo te vyole dwa ou genyen konsènan vi prive w, ou ka depoze yon plent bòkote nou oswa bòkote Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. *Pèsonn pa pral fè reprezay ni pran sanksyon kont ou poutèt ou pote yon plent.*

Pou pote yon plent bòkote nou, tanpri kontakte yon reprezantan Relasyon Pasyan nan 718-270-1111. Ou ka kontakte tou Nimewo nan SUNY Downstate Medical Center pou fè respekte Kòd Konduit (Compliance Line) nan **877-349-SUNY (7869)** oswa pou fè yon rapò sou entènèt, ou ka klike sou "Compliance Line" nan anba sou sit entènèt SUNY Downstate Medical Center a [www.downstate.edu](http://www.downstate.edu).

Pou pote yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, ou ka ekri oswa rele:

US Department of HHS Government Center  
John F. Kennedy Federal Building- Room 1875  
Boston, Massachusetts 02203

Nimewo Telefòn: 617-565-1340  
Nimewo Faks: 617-565-3809  
TDD: 617-565-1343

Si ou sibi diskriminasyon poutèt nou divilge enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, ou ka kontakte New York State Division of Human Rights (Divizyon Dwa Moun nan Eta Nouyòk) nan (212) 566-8624 oswa New York City Commission on Human Rights (Komisyon pou Dwa Moun nan Vil Nouyòk) nan (212) 566-5493. Ajans sa yo responsab pou pwoteje dwa ou yo.

### SITASYON RÈGLEMAN

Ou ka jwenn règleman Federal sou konfidansyalite ki dekri nan avi sa a nan 42 C.F.R. Pati 2 ak 45 C.F.R. Pati 160 ak 164. Ou ka jwenn règleman Eta a sou konfidansyalite ki dekri nan avi sa a nan 10 N.Y.C.R.R. Pati 372, 374, 382, 823, 1020 ak 1034, ak 14 N.Y.C.R.R. Pati 309 ak 1072.